Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,льилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 55 (6575) 27 ноябрь 2017 с. Итни РабигIуд аввал 1439 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ



## Бакълъулазул басмаялъ рорхула кIвар цIикIкIарал суалал

ХIурматияв ХIамзат МухIамадович ва «Гумбет» газеталъул редакциялъул хIалтIухъаби!

Баркула нужеда «Гумбет» газеталъул 65 сонилаб юбилей. Нилъер улкаялъе захIматал анцI-анцI соназ «Гумбет» газета букIана Гумбет районалъул гIадамазухъе информация босулеб аслияб алатлъун ва жакъаги буго Гумбеталъул бетIераб басмалъун.

Газета бахъизе байбихьаралдаса нахъа тарал гьелгощинал соназ, гьелъ рорхана районалда бугеб хIалалъул, церечIарал масъалабазул, дандчIвалел гIунгутIабазул, аграрияб бутIаялда бугеб хIалалъул хIакъалъулъ ва цогидалги гIемерал, батIибатIиял суалал.

Баркала буго нужее росабалъ бугеб хIал, гIадамазул яшав, магIишатиял бутIаби церетIеялъе районалда гьабулеб бугеб хIалтIул хIакъалъулъ информация къватIибе кьуралъухъ.

Нахъеги тIадчIей гьабун бихьизабизе бокьун буго нужер захIмат районалъе кIвар ва пайда бугеблъун кколилан.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## Бакълъулазул басма – халкъалъул тарих, Гьелъул гIумруялъул ритIухъаб матIу

**«Гумбет» газеталъ 65 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIана Авар мацIалъул ва маданияталъул фестиваль**




**2017 соналъул 22 ноябралда Бакълъулазул районалда «Гумбет» газеталъ 65 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIана Авар мацIалъул, адабияталъул ва маданияталъул фестиваль.**

Фестивалалда ва байрамалъулал тадбиразда гIахьаллъана Дагъистаналъул 15 районалдаса ва шагьараздаса делегациял, творческияб интеллигенциялъул вакилзаби, гIалимзаби, хъвадарухъаби, культураялъул хIалтIухъаби ва цогидалги.

### Тарихиял бакIазде сапар

Аваразул басмабазул ассоциациялъ пресс-тур ва семинар тIоритIана, «Гумбет» газеталъ 65 сон тIубаялда бан. Гьеб ассоциациялъул членал, республикаялъул ва муниципалиял СМИязул бетIерал редакторзаби ва хIалтIухъаби щвана «АхIулгохI» мемориалияб комплексалде, дугIа гьабуна гьеб ракь цIунарал муридзабазул рухIазе, халгьабуна музеялъул экспонатазул. Хадур, пресс-туралъул маршруталда рекъон, гьалбал щвана ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул пачалихъияб цолъизабураб тарихиябгун архитектурияб музеялъул филиалалде ЧIиркъатIе. Филиалалъул директор Ибрагьим

(Ахир-кIиабилеб гьум)

НОМЕРАЛДА РУГО:

Гьарула сахлъи ва хIалтIулъ бергьенлъаби -2 гьум.

Бакълъулазул район – гIалимзабазулги, устарзабазулги, шагIирзабазулги ватIан - 3 гьум.

РагIад бачахъулеб чIоразул кванIи - 4 гьум.







Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса ГIали-хIажи



# Бакълъулазул басма – халкъалъул тарих, Гьелъул гIумруялъул ритIухъаб матIу

**(Байбихьи тIоцебесеб гьум.)** Ибрагьимовас бицана цересел гIасрабазда, Шамил имамасул заманалда ЧIиркъатIа росдал ракьалда рагъулал ва промышленниял мурадазе чIабатI бахъиялъул хIакъалъулъ. Пресс-туралъул гIахьалчагIи гIажаиблъизаруна цересел гIасраби ракIалде щвезарулел рукIа-рахъиналъул алатаз, ярагъалъ, тункIаз, хIалтIулъ пайда босулел тIагIелаз ва цогидал экспонатаз.

Пресс-туралъул гIахьалчагIи, тарихиял бакIазде гьабураб сапаралдаса хадур, Бакълъулазул районалъул центр МелъелтIа росулъе рачIана. Гьалбадерида дандчIвай гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас. Дагъистаналъул творческияб интеллигенциялъ ва районалъул нухмалъулез тIугьдузул горал лъуна КIудияб ВатIанияб рагъда, фашистаздаса ВатIан цIунулаго, кьалул байдабазда хварал рагъухъабазул хIурматалда бараб памятникалда цере.

### ГIалимзабазул ва шагIирзабазул ВатIан

«Гумбет» газеталъ 65 сон тIубаялъул хIурматалда рохалилаб данделъи ва Авар мацIалъулги, адабияталъулги, маданияталъулги фестивалалъул заседание байбихьана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 8 классалъул цIалдохъан Макка Ахкубеговалъ Расул ХIамзатовасул «Авар мацI» абураб машгьураб кечI рекIехъе рикIкIиналдалъун.

Юбилеялъулаб тадбиралъул ралъул ва фестивалалъул гIахьалчагIаздехун баркиялъул хитIаб гьабуна Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

«Дун вохарав вуго жакъасел байрамалъулал тадбиразда ва Авар мацIалъулги, адабияталъулги, маданияталъулги фестивалалда гIахьаллъулел хIурматиял гьалбадерида баркизе, нужее салам кьезе рес щвеялдаса. Бакълъулазул район буго гIалимзабазул, шайихзабазул, шагIирзабазул, гIемерал батIи-батIиял махщалилазул ватIан. Районалъ дунялалъе сайгъат гьаруна кIудияб гьунаралъул, машгьурал гIадамал. РагIул пасихIлъиялъул, художественнияб литератураялъул гъваридал кьалбал руго районалда. Дагъистаналъул литератураялъул классик, шагIир, гIалим, философ, авар мацIалъул реформатор, XIX гIасруялда гIумру гьабурав Инхоса ГIали-хIажиясул асарал Дагъистаналъул культураялъул меседилаб фондалда ва дунялалъул литератураялда гъорлъе ана. Жакъа Авар мацIалъул, адабияталъул ва маданияталъул фестивалалъул тадбиразда нилъеца гьоркьоб лъолеб буго Инхоса ГIали-хIажиясул гIумрудул ва творчествоялъул хIакъалъулъ Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв поэт, Бакълъулазул районалъул хIурматияв гражданин МухIамад АхIмадовасул «ГIакълудул ралъад» абураб тIехь», – ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

### «Гумбет» газета – гIумрудул матIу

Бакълъулазул районалъул бетIерас щибаб анкьалъ къватIибе биччалеб «Гумбет» газеталъул хIалтIухъабазда баркана 65 сонилаб юбилей.

««Гумбет» газеталъул тIолабго коллективалда баркула 65 сонилаб юбилей, гьарула хIалтIулъ цIия-цIиял бергьенлъаби, рохел, кинабго лъикIабщинаб! Газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов вуго жиндирго иш лъалев, газеталъул гьумер хисизабун бажарарав, унгояв махщалилав. Жакъа «Гумбет» газета буго гIемерал премиязул лауреат, республикаялъул ва тIолгороссиялъул кIваралъул шапакъатал щвараб халкъияб информациялъул алат. БетIералда ХIамзат ГIизудиновгун, газеталъ гьоркьоса къотIичIеб хIалтIи гьабулеб буго экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялда данде. Елена ва Геннадий Тимченковазул «ГьитIинал шагьаразул ва росабазул маданияб мозаика» абураб грантазул конкурсалдаги бергьана «Гумбет» басма. Газеталъул творческияб коллективалъе хадурккунги бергьенлъаби гьарула», – ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

«Гумбет» газеталъул ва «Аварпресса.ру» порталалъул бетIерав редактор, Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член, Юсуп Хаппалаевасул ва МухIамад Шамхаловасул премиязул лауреат ХIамзат ГIизудиновас Бакълъулазул районалъул нухмалъулезе баркала кьуна гьабулеб тIалабалъухъ ва рахъкквеялъухъ. Гьес къокъго бицана бакълъулазул газеталъул проектазул, республикаялъул ва федералиял СМИязулгун, ведомствабазулгун цадахъ гьабулеб бугеб хIалтIул хIакъалъулъ.

### Авар мацI цIуниялъул ва цебетIезабиялъул хIакъалъулъ хитIаб

«Гумбет» газеталъ 65 сон тIубаялъул ва Авар мацIалъулги, адабияталъулги, маданияталъулги фестивалалъул данделъиялда гьединго кIалъазе рахъана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадов, Россиялъул гIелмабазул академиялъул Дагъистаналъул гIелмияб централъул МацIазул, литератураялъул ва искусствоялъул нухмалъулев, филологиял гIелмабазул доктор Ибрагьимил МухIамад, гьебго институталъул грамматикаялъул цIех-рехазул отделениялъул нухмалъулев, филологиял гIелмабазул кандидат ГIабдулкъадирил МухIамад, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул авар литератураялъул секциялъул нухмалъулев , «Гьудуллъи» журналалъул редактор МухIамад ПатахIов, Дагъистаналъул аваразул регионалияб миллиябгун маданияб автономиялъул нухмалъулев, тарихиял гIелмабазул кандидат ШагIбан ХIапизов, «Дагъистан» журналалъул бетIерав редактор, щибаб анкьалъ бахъулеб «Миллат» газеталъул учредитель МухIамад БисавгIалиев, Аваразул СМИязул ассоциациялъул нухмалъулев, информациялъулгун аналитикияб «Пикру» централъул бетIер, ДНЦялъул РАНалъул ИЯЛИялъул соискатель МухIамадрасул ГIумаров, Авар мацIалъул магIалимзабазул цолъиялъул нухмалъулей, ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб педагогикаялъул институталъул гIелмияй хIалтIухъан, педагогикиял гIелмабазул кандидат Баху МухIидинова, «Цолъи» газеталъул (Шамил район) бетIерай редактор ПатIимат ГьитIинова, «Ахихъан» газеталъул (Унсоколо район) бетIерай редактор Саният КъебедмухIамадова, авар мацIалда бахъулеб «Ас-салам» газеталъул редактор ГIабдула-хIажи МухIамадов, «Гьудуллъи» газеталъул (Хасавюрт) бетIерав редактор МухIамадрасул ШайихмухIамадов, «Гьизилюрталъул харбал» газеталъул бетIерав редактор ГIабдулвахIид Лабазанов, «Заман» газеталъул (ГIахьвахъ район) бетIерав редактор ХIажи ЯхIяев, «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул бетIерав редактор ГIубайдула Малачдибиров, «Церехун» басмаялъул (Хьаргаби район) бетIерав редактор Багьавудин АхIмадов, «ЦIияб нухдасан» басмаялъул (Лаваша район) хIалтIухъан Мадина Сайгидова, жамгIияв хIаракатчи Сайпудин АхIмадов, Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член ГIиса Шарапудинов ва цогидалги. Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас хIурматалъул грамотаби, тIахьал, ИчичIалиса махщалилаз гьарурал гулгунал, гIарцулал премиял ва цогидалги сайгъатал кьуна «Гумбет» газеталъул бетIерал редактораллъун цереккун хIалтIаразе, гьабсагIат хIалтIулел ругел журналистазе ва хIурматиял гьалбадерие.

Маданияб программаялда халкъиял ва цогидалги бакъназда, рагIабазда кучIдул ахIана Дагъистан Республикаялъул халкъияй артистка ГIайшат Тажудиновалъ, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул бакълъулазул централъул хIалтIухъан Майсарат ГIабдулаевалъ ва цогидазги. Бакълъулазул централияб библиотекаялъ гIуцIун букIана «Гумбет» газеталъ 65 сон тIубаялъе, Авар мацIалъул, адабияталъул ва маданияталъул фестивалалъе сайгъат гьабураб тIахьазул ва газетазул выставка. Фестивалалъул тадбиразда гъорлъ гьединго тIоритIана МагIарул басмабазул гIуцIиялъул ва Авар мацIалъул мугIалимзабазул цолъиялъул гургинал столал, секциялъулал семинарал, цIалдолезулгун дандчIваял.

Авар мацI цIуниялъе ва цебетIезабиялъе гьаризе кколел ишал рехсараб хитIабги къабул гьабуна фестивалалъул гIахьалчагIаз.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**



Сураталда: Авар мацIалъул, адабияталъул ва маданияталъул фестивалалъул гIахьалчагIи Инхоса ГIали-хIажиясул минаялъул макеталда цере.

БАРКИЯЛ

## ЛъикIаб гуреб хабар гIинда чIвагеги



**Ассаламу гIалайкум, хIурмат т1адег1анал «Гумбет» газеталъул редакциялъул хIалтIухъаби!**

РакI-ракIалъ баркула нужер гъункараб коллективалда гIагараб газеталъ 65 сон тIубаялъул юбилей. Гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

ТIолазего машгьурлъаги нужер газета, цIикIкIаги гьеб цIалулезулги, хъвалезулги къадар. Къалам бегIерлъаги, гIамал лъикIлъаги, лъикIаб гуреб хабар гIинда чIвагеги.

**ХIурматгун, «Чапар» газеталъул коллектив**

## Гьарула сахлъи ва хIалтIулъ бергьенлъаби

**ХIурматияб «Гумбет» газеталъул редакция (бетIерав редактор ГIизудинов ХIамзат)!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда газеталъ 65 сон баялъул байрам! Гьарула нужее кидаго сахлъи ва хIалтIулъ бергьенлъаби!

**«Ас-салам» газеталъул редакция**



## Заманалъул тIалабазда рекъон...

**«Гумбет» газеталъул хIурматияб коллектив!**

Баркула нужеда районалъул газеталъул тIоцебесеб номер къватIибе бачIаралдаса 65 сон тIубай. Районалъул газеталъул бетIерав редакторлъун хIалтIулаго, цадахъ лъугьун газета гьабуразул дица кIудияб хIурмат гьабула. Гьарула «Гумбет» газеталъул тIолабго коллективалъе щулияб сахлъи, бергьенлъаби, битIккей!

Биччанте газета хадубккунги заманалъул тIалабазда рекъон, цебехун ине, сонал гIемер таниги херлъунгутIизе, цIализе бокьулеблъун кидаго хутIизе.

**Сайпилав МухIамадов, 2010-2013 соназда «Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор**



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАСМА – БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТАРИХ

# Бакълъулазул район – гIалимзабазулги, устарзабазулги, шагIирзабазулги ватIан

### «Гумбет» басмаялъ 65 сон тIубаялъул ва МагIарул мацIалъулги, адабияталъулги, маданияталъулги байрамалда Бакълъулазул мухъалъул бетIерасул кIалъай

**Ассаламу гIалайкум, тIаде рачIарал гьалбал ва бакълъулал!**

Ниж цIакъ рохарал руго жакъа бакълъулазул ракьалъул басмаялъ 65 сон тIубаялъул ва МагIарул мацIалъулги, адабияталъулги, маданияталъулги байрам тIобитIизе щвеялдаса ва гьаб жакъасеб данделъиялда нилъ киналго ракIариялдаса.

Бакълъулал тарихалда машгьурал руго гIелмуялдалъун, лъаялдалъун, бахIарчилъиялдалъун. Бакълъулазул ракь ккола гьунарчагIазул, гIалимзабазул, устарзабазул, рагъухъабазул, бахIарзазул, къо хIехьолел гIадамазул, спортсменазул ватIан.

БегIераб, гIакъилаб, гъваридаб рагIул устарзаби, пикру цIубарал, такрарлъи гьечIел, Дагъистаналъул адабияталда ва маданияталда кIудияб бакI ккурал ва лъалкI тарал гIалимзабиги, шагIирзабиги, хъвадарухъабиги рахъана бакълъулазул мухъалда. Гьединал къалмил устарзабазда гьорлъ руго магIарул литератураялъул классик, гIалим, гIакъил Инхоса ГIали-хIажи, Шамил имамасул ва Имаматалъул хIакъалъулъ тарихияб кIвар бугел асарал хъварав гIалимчи ва шагIир Игьалиса Чупалав ва гIемерал цогидалги.



Бакълъулазул районалъул тарихги жакъасеб къоги бихьизабулеб «Гумбет» басмаялъ 65 сон тIубай кIодо гьабулеб буго жакъа нилъеца. БатIиятIиял соназда батIи-батIиял цIараздa гьоркь къватIибе бачIаниги, районалъул газета кидаго халкъалъе хъулухъалда, гIадамазул къваригIелал тIуралеб, нухмалъулезул политика бичIчIизабулеб, законал жиндир гьурмазда рахъулеб, хIажатал баянал жиндасан щолеб, Гумбет районалъул жамгIияб гIумруялъулъ саламатаб бакI ккураб информациялъул алат буго.

АнцI-анцI соназ районалъул газеталъул редакциялда хIалтIарал журналистазе Гумбет районалъул администрациялъул рахъалдасан кIудияб баркала загьир гьабулеб буго. Бакълъулазул район цебетIезабиялъе, республикаялда, улкаялда ва дуниялалдаго нилъер ракьги нилъер лъикIал гIадамалги гIадатали лъазариялъе кIудияб хIалтIи гьабулеб буго «Гумбет» газеталъ.

Жигараб хIаракат бахъулеб буго «Гумбет» газеталъ районалъул гIумру бихьизабиялъе, гIолел ва гIоларел рахъазде кантIизариялъе, магIишат-яшав лъикIлъизабиялъе. Дагъистаналъул районазул газетазда гьорлъ лъикIал басмабазда гьоркьоб рехсола «Гумбет» газета. Гьеб хIужаялъе нугIлъи гьабула «Гумбет» басмаялъе щварал батIи-батIиял шапакъатаз.

«Гумбет» газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов ккола журналистикаялъул диплом бугев, махщел цIубарав журналист, Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член, республикаялда лъала гьесул цIар. Районалъул басмаялъул хIалтIи лъикI цебе бачунеб буго гьес. Жакъасеб гьаб байрам-къоялъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго ХIамзат ГIизудиновасе ва редакциялъул тIолалго хIалтIухъабазе, гьединго цере редакциялда хIалтIаралщиназе, басмаялъе батIи-батIиял соназда редакторлъи гьабурал гIадамазе.

Гумбет районалъул нухмалъиялъул ва халкъалъул рахъалдасан кIудияб баркала загьир гьабула Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв шагIир, Гумбет районалъул хIурматияв гражданин МухIамад АхIмадовасеги. Жакъа нилъеца презентация гьабулеб буго Дагъистаналъул адабияталъул классик, гIалим ва шагIир Инхоса ГIали-хIажиясул хIакъалъулъ АхIмадовас хъвараб тIехьалъул. Гьорлъе ракъун, пикру гьабун, цIализе кколеб, гьваридаб магIнаялъул мажмугI буго гьеб.

Цоги нухалъ баркала загьир гьабула жакъасеб Авар мацIалъул, адабияталъул ва маданияталъул байрамалда гIахьаллъи гьабизе рачIаралщиназе. Аллагь разилъаги нужедаса. Бакълъулал ккола гьалбал хирияв, гIаданлъи цIикIкIарал гIадамал. Нилъер жакъасеб гьоболлъи гьудуллъиялде сверизе хъван батаги!

Баркула киназдаго жакъасеб байрам! ЛъикI руссарал киналго Бакълъулазул ракьалде! Ниж хIадур руго нужер жакъасеб сапар киданиги кIочонареблъун, пайдаяблъун ва хIасил кьолеблъун гьабизе! Баркала гIенеккаралъухъ!

**Бакълъулазул мухъалъул нухмалъулев ХIажимурад МухIамадов**

БАРКИ

## «Гумбет» газеталде



Баркула юбилей, «Гумбет» газета,
Бакълъулазул гьумер, гьайбатаб гьобол,
Хъварасул рокьобе хIинчIлъун боржунеб,
КьучIал рагIабазул хазинадул кIул.
ГIали-хIажиясул малъа-хъваялгун
Боржа мун ракьалда, квешлъи лъухьизе,
ХIамзатил Расулил хазинаялъул
Бицун, дарсал цIале, гIумру гвангъизе.
ГIолохъанаб кквералъ кодой босараб
Басралъиларо мун халкъалда гьоркьоб,
ЦIодорал бераца къимат цIунараб
Хвеларо дур къадру гIадамазда гьорлъ.
ТIолго редакторал данде ахIулев
РакI бохаги, ХIамзат, дур гьаб ракьалда!
ГIолохъанаб жанги жигараб цIаги
ЦIунун хутIаги дуль тIолалго саназ.
ТIамухъе унел жал гIумрудул санал,
ГIуцIахъе бихьула гьабулеб хIалтIи,
Сахлъиги тавпикъги гьарула жакъа
Нужер газеталъул коллективалъе.
Авар мацI, авар нур даимлъиялъе
Даим чIаго таги «Гумбет» газета,
Халкъалъул трибуна, властиалъул квер,
Щулалъаги кьалбал хIакъаб рагIидул!
ГIала-гъважаялъул заман цваниги,
РитIухъалда гуреб гьулбасунаро,
Гьеб щулалъиялъе хIалтIулеб печать
Даимлъеян абе гьаб ракьалда тIад!

**Саният КъебедмухIамадова, Унсоколо районалъул «Ахихъан» газеталъул бетIерай редактор**

АВАРАЗУЛ КАЛАМ, ГЬЕЛЪУЛ КАМИЛЛЪИ!

## Метер магIарул мацI хвезе батани, Хваги дун жакъаго, жаниб ракI къвагьун

### Авар мацIалъул, адабияталъул ва маданияталъул фестивалалъул хитIаб

**1. Дагъистаналда магIарул ва цоги республикаялъул халкъазул мацIазул бугеб пачалихъалъулаб даража цIунизе ккола.**

2. Дагъистаналъул школазда рахьдал мацIазул дарсал, тIоцебесеб программаялда рекъон, камилаб куцалда малъизе ккола.

3. МагIарулаз ва цоги халкъаз гIумру гьабулел мухъазда, районазда, шагьаразда магIарул ва гьенир гIумру гьабулел халкъазул мацIазул ахIвал-хIал букIине ккола, гражданазе ихтияр буго рахьдал мацIалда лъимал цIализаризе, тIахьал, газетал, журналал, сайтал цIализе, радиоялъухъ гIенеккизе ва телевидениеялъухъ ралагьизе. Аваразгьабулел, гьезул тарихиял ракьазда ричалел мухъазул басмаби авар мацIалда рукIине ккола.

4. Авар мацIалда къватIире ричалел районазул ва шагьаразул СМИязул кIвар, даража ва магIна рорхизаризелъун, гьел муниципалитетазул нухмалъулез информациялъул алатазе хIажатаб сурсат чIезабизе ккола: кагъат-къаламалдаса бахьараб транспорталде щвезегIан. Гьедин гьабичIони, информациялъул алатазда, басмабазда букIине кколеб куцалда халкъалъе хъулухъ гьабун бажаруларо. Сапаралъ журналист витIун бажарулареб ва транспорт гьечIеб редакция ккола цIакъго захIматаб ахIвал-хIалалде ккараб, цIалдолесулгун ва росабазулгун хурхен загIипаб идара.

5. Районазул ва шагьаразул нухмалъулез, лъай кьеялъул идарабазул бутIруз, школазул директорзабаз, цIалдохъабазул умумуз цIикIкIараб кIвар кьезе ккола нилъер бачIунеб гIел унгоунгояв магIарулаллъун, бусурбабилъун ва Россиялъул гражданаллъун гIезариялде. Кьалбаз ккола гьветI. Жиндир халкъалъул мацIги хIалхьарал гIамалхасиятги биларал гIолилал квешал къуватазул кьорикье ккезе ва «рохьоре» рачине бигьаял кьокьабилъун рахъине рес буго.

6. МагIарул халкъалъ, идарабаз ва жамгIияталъ суал лъезе ккола авар мацIалда Цогояб пачалихъияб экзамен кьолеб къагIида букIинабеян.

7. Авар мацIалъул дарсал кьеялъул заманги, даражаги, кIварги цIикIкIинаризе ккола. Гьеб предметалде тIолабго жамгIияталъ бербалагьи хисизабизе хIажат буго. Рахьдал мацI билани, миллатги билула, пурал гьураз хьамулел гьеб халкъалъул вакилзабиги хутIула. Гьединлъидал, авар мацIалъул дарсал гIумруялъул дарсал кинигин къабул гьаризе ккола. Гьединаб букIине кколеб кIвар гьеб суалалде кьечIони, гьел дарсал сверизе руго авар миллаталъул хвалил дарсазде, халкъалде тIалкъен цIалулеб предметалде.

8. Пачалихъалъ кьурал ихтияраздаса пайдаги босун, хIукуматалъул идарабазда, районазул ва шагьаразул данделъабазда Дагъистаналъул миллиял мацIалги хIалтIизаризе ккола.

9. Дагъистаналъул миллиял мацIазда гIелмиял хIалтIаби, диссертациял цIуниялде кIвар кьезе ккола.

10. МагIарул мацIалда къватIире рачIунел газетазул, журналазул, теле-ва радиопередачабазул аудитория цIикIкIинабиялда тIад хIалтIизе ккола.

11. Авар мацI ккола исламияб диналъул мацIги. ХIажат буго мажгитазда жанир ва диниял СМИязда авар мацIалда къватIире кьолел баянал, информация халкъалда гьоркьор тIиритIизариялъе квербакъизе.

12. ХIукуматалъул идарабазул игIланал, нухда рагIаллъуда чIварал лъазариял, гIаламатал ва цоги рекламаялъул, баннеразул ва цогидалги баянал магIарул мацIалда хъваялде кIвар кьезе. Гьаб суал тIубалаго, гIурус ва Дагъистаналъул миллиял мацIазда хъвайхъвагIаял гьариялдаса пайда босизе бегьула.

13. Дагъистаналъул миллиял мацIазда мульфильмал, дискал, фильмал ричаялда тIад хIалтIи гьабизе, гьединго машгьурал фильмал, магIарул мацIалде руссинарун, ричазе.

14. Мухъазда ва росабалъ ругел халкъиял театразул даража борхизабизе, репертуар лъикIлъизабизе, гьел театразул кумекалдалъунги миллиял мацIазул кIварги бакIги цIикIкIинаризе.

15. МагIарулазул миллиябгун маданияб автономиялъул, МагIарул мацIалъул мугIалимзабазул ассоциациялъул ва МагIарул басмабазул цолъиялъул хIалтIи жеги камиллъизабизе, халкъалъулгун бухьен жеги щулалъизабизе, авар мацIалда къватIире рачIунел информациялъул алатазул даража борхизабизе.

**2017 соналъул 22 ноябрь, МагIарул мацIалъул, адабияталъул ва маданияталъул фестиваль, МелъелтIа росу**

САПАРАЛДАСА ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЯЛ

# РагІад бачахъулеб чІоразул квацІи

**Бакълъулазул басмаялъ 65 сон тІубаялъул байрам ва Авар мацІалъул, адабияталъул ва маданияталъул фестиваль тІоритІизе гьабураб сапаралъ рекІелъ тараб асаралъул хІакъалъулъ**

**Интернет гучлъун, кагъат-кьалам учузлъун, хІакъикъиябщиналъул къимат рагІдукье ккун бугин гІемер дица абунин гІайибалги гьаруге. Гьеб рагІад бачахъизе бакъул чІорал гІадал гІадамалги кьун руго Аллагьас. Араб анкьил арбагІ кьоялъ бакълъулазул ракьалда данделъун рукІана гьединал «бакъул чІоразул» къуваташ квацІи. «Гумбет» казият биччазе байбихьаралдаса 65 сон тІубай кІодо гьабулеб тадбиралъ жанибе бачана цебеселъе къимат кьолеб, жакъасеб борцунеб, метерисель батулеб чанго лъикІаб хІалтІи. Гьелъул мухІканал баянал цогидал къаламцояз кьезеги тун, пресс-туралда диего щвараб бихьи, гьабураб асар рагьила гьаниб.**

## ЦІидасан АхІулгохІда

ГІадатлъул билълъараб жо буго нижер къаламцоязе заманаманалдаса АхІулгохІил ахада дандчІвай, гьенибе зиярат бай. Гьелъ толаро пикру тарихалдаса рикІкІалъизе, ракІазулъ цІилъула дунялго хІикмалъараб аваразул бахІарчилъи, вахІшияб Кавказалъул рагъул сонал.

Чан гьегъ бараб АхІулгохІ цебе лъолеб борхалъуда музей гІуцІунилан Рамазан ГІабдулатІиповасде! Лъил ракІ унтундай нилъехъе гьеб бан кьезе букІараб?! Гьаб суалгун, жавабалгун, цеве Дагъистаналъул халкъияв шагІир МухІамад АхІмадовги гьавун, рахана сиялъул борхалъуде, сверана музеялда. Баракат цІикІкІараб Гъоркьа Бакълъухъа МухІамадрасул ГІумаровас гьениб би тІунщиназе дугІаги гьабуна. МагІарул районаздаса, Дагъистаналъул шагьараздаса рачІарал машгъурал шагІирзаби, рагІул устарзаби, гьваридаб пикруялъул, гІужилаб рагІул журналистал-редакторал, нилъер мацІги, цІарги, тарихги бечед гьабулел гІалимзаби цадахъ данделъун рукІана гьенир.

## ЧІиркъатІа музеялда

Тадбир тІобитІулезул программаялда рекъон, сверана ГІанди гІурул рагІалда парахалъараб, гьарзаял ахаз сверун ккураб ЧІиркъатІа росулъе. Бечедаб тарихалъул росулъ гІуцІараб, бокьараб район бахиллъизе бегьулеб музеялъул нижеца чанцІулго бицунги букІана цебе. КигІан гІемерал щваниги, камуларо гьениб цебеселъул пикру гьабизе тІамулеб тІагІел-гІучІги музеялъул хІалтІухъабаз кьолел къиматал баяналги. «Имамасул муридзабазе тункІил хер гьабизе чІабатІ бахъулеб бакІ гуребги, Шамилил имаматалъул тахшагьарлъунги букІана 1839 соналда цо заманаялъ ЧІиркъатІа росу», - ян бицана къиматал гьалбадерие, музеялъул рукъзабахъ хвадулаго, гьелъул нухмалъулев Ибрагьим Ибрагьимовас. Кавказалъул рагъул заманаялъ гІемераб кІвар бугеб лъугьа-бахъин ккараб ЧІиркъатІа росдае гьединаб музейги мустахІикъаб гьечІищха. КъватІахъ дандчІванщинал чІиркъатІисезул гьира букІана гьалбадерие хІурмат гьабизе, гьезие баркалаги кьун, хьил тІурал гІатІидал нухал ккун ниж МелъелтІе гІедегІана.

## ЧІухІараб кІалгІаялда кІудияб тадбир

ТІоцебе бихьараб бакІалъул сурат рекІелъ бикІун хутІула нилъер. АнцІилаги хадуб соналъ цее МелъелтІе щвараб мехалъ хутІарал дир ракІалдещвеял кІиабилеб нухалъ ячІиндал тІуран лъахъван ун рукІана. Инарищха, «по щучьему велению» гІадин, цебесеб изба-читальнялъул бакІалда бан, маргьудалъ гІадаб, кІалгІаги тІубан хисараб сверухълъиги батидал. Узухъда, гьеб буго цеве Гумбет районалъул бетІерлъун вукІарав СайгидахІмад АхІмадовасул хІаракатги баракатги. Дол соназ хьантІун бикъулелги рукІана, хьатамасан гІуцІулелги рукІана. СайгидахІмад АхІмадовас гІуцІана, гІемераб рахъ цебетІезабуна.

Киб батаниги, лъикІаб иш-пишаялдаса рохулел жал рукІуна творчествоялъул гІадамал. Рохана ниж гьеб чІухІараб кІалгІаялъув, гьалбадерида дандчІвазе вахъун чІун районалъул бетІер, олимпиялъул чемпион ХІажимурад МухІамадов ватиялдасаги. КигІан халатго бугониги, гІенеккана гьев рикІкІен гІемерал гьалбадерил кІалъаязухъ, рахьдал мацІги умумузул тарихги цІуниялде нижеца балеб ахІиялъухъ.

Кире щваниги, нижер щивасе бокьун букІуна миллияб рухІияб ирс, рахьдал мацІ цІуниялъул масъала щивасда тІадаб иш букІин данделъараздаса рагІизабизе.

Кинавго чи интернеталъ асир гьавураб гьаб заманаялъул унти бахун буго районазул хІакимзабаздеги. Цо-кІиго суратги лъун, лъабго мухъ истаграммалда бахъани, рохуна холел руго гІемерисел, казияталъул къисматалъул пикру гьабулелги нагагь руго. Бокьарав хакерас вирусазул гъужумалъ цІертІа хІама гІадин гІунизабулеб интернетги, ток гьечІони, хІалтІулареб компьютерги, бокьараб мехалъ кодобе босулеб цІализе рес бугеб казияталда данде гьабизе бегьилищ?

ЦІакъ бечедаб программагун, чанги пайдаяб бутІаги жанибе бачун, магІнаялда хІадурун батана бакълъулаз жидерго мухъалъул казияталъ 65 сон тІубаялде гІуцІараб тадбир. ГІицІго казияталъул гІумруялъул ва гьенир хІалтІаразул бицун кьокълъизеги течІо программа. ЦІакъ берцин бихьана гІемераз аваразул классик, бакълъулазул чІухІи Инхоса ГІали-хІажи ракІалде щвезави. Кици-биценлъун, шигІрияб каламлъун, кочІол бакъанлъун такрарлъана сценаялда ГІали-хІажиясул ва цогидал бакълъулазул рагІул устарзабазул асарал.

КучІдул цІализе цере рахъарал цІалдохъабазул пасихІлъиялъги асир гьабуна. Жергьадаги кІутІун, ГІали-хІажиясул «ХъахІаб рас» ахІана Дагъистаналъул халкъияй кочІохъан ГІайшат Тажудиновалъ. ГІемерисез микрофонцин хІалтІизабичІого ахІулел чІагоял кучІдуздасан гІуцІараб концертги рекІее гІечІого букІиницха. Шамил мухъалъул рахъалдаса баркигун цадахъ тІармида бакъан биччана ТІелекьа ХІабиб Хирисулаевас. « ..Къваридаб ракІ чучизе, вахъун щвана Гьолокье» абураб Этил ГІалил рагІабазда ахІараб кечІалъги асир гьаруна балагьарал. Аваразул классик рехсон, Дагъистаналъул хъвадарухъабазул гІуцІиялъул нухмалъулев, халкъияв шагІир МухІамад АхІмадовас хъвараб «ГІакълуялъул ралъад» тІехьалъулги бицана. (Гумбет районалъул бетІерасул баркалаялъги кагътун цадахъ гьеб тІехьги тІаде ичичІалисезул парчиги сайгъаталлъун щвана нижееги.) Бергьун кІудияб хІурматги гьабун, цІикІкІараб кІвар кьуна бакълъулаз гьалбадериде. Тадбир лъугІизегІан залалдаги, кванил тепсиялда нахъаги, ниж нухда регІулаго, баркала загьир гьабулелъувги гьалбадерил хьолбохъ районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов эхети цІакъ рекъон бихьана. БарахщичІого, бюджеталъул гІарцудасан харжалги риччан, бечедаб тадбир киналго районазул бутІруз гуро гьабулеб.





Кинабго рахъалдасан цебетІей буго бакълъулазул улкаялда, гьеб буго магІаруллъиялъул бергьенлъи. МагІарухъ гІумру лъикІлъанагІан, лъикІабщинаб ирсги цІунун хутІиларищха.

## Кинан кьелеб къимат къокъго, лъаларо..

Нилъго нилъецаго рецци рекъонги батиларо, кинабго гьеб тадбир гІуцІарав, тІолалго ниж данде ракІарарав гІолохъанчи ХІамзат ГІизудиновасул рахъалъ кинандай къокъго абилаян ургъулей йиго. Щай къокъго, щайгу редактор хІисабалда лъалев ватани, Дагъистаналда ва къватІибехун бихьулеб, гьесул гІемеррахъазулаб гьунаралъул си борхатаб буго. Гьелъул бицен гьабуна бакълъулазул казияталъул юбилеялда цере рахъаралщинал журналистаз, шагІирзабаз, гІалимзабаз.



Авар миллаталъе, гьудулзабазе, Гумбет районалъе, Дагъистаналъе сайгъатлъун кьун вуго Аллагьас шагІир, журналист, публицист ХІамзат ГІизудинов. Гьесул гьунар гІатІидго рагьулеб гІасру жеги цебе буго.

**ПатІимат ГьитІинова,**
**«Цолъи» газеталъул**
**бетІерай редактор**

БетІерав редактор ХІамзат ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь КъурмагъизХІадисова
Корреспонденталы: ГІайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул кватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторас. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.